**Уищытхъу зерэlэт**

Адыгэ чlыгум изы сурэтэу
Адыгэкъалэ ипчэгу ит.
Лъэпкъ хъишъэм изынэкlубгъоу
Сикъэлэ цlыкlу сэркlэ гуlэт.

Зырищыгъэу, мамырэу мэпсэу.
Итарихъ гъогуи тыгу имыкl.
Лъэпкъыбэр щэлажьэ гуфитэу
Зэкъошныгъэм исаугъэтэу.

Сикъэлэ кlасэ сыгу имыкlэу
Сэсыфэусэ , ренэу сыгу илъ.
Хъохъоу фэсlощтым гукlэ сеусэ,
Хохъоу щыlэным сэ сыфэхъуапсэ.

Хэти къызщыхъугъэр егъэлъапlэ.
Си Адыгэкъалэ сигугъапl.
Пцlэ зэхэсхмэ сыгуи зыкъепхъуатэ,
Уищытхъу дахэ лъагэу зерэlэт!

**Зыусыгъэр:**
**я 9-рэ классым ис еджак1оу**
**Кушъу Арин.**